

Pakou W nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite lan



N ap ekonomize pou inivèsite ak pou fòmasyon pwofesyonèl, ansanm! Swiv etap sa yo pou kòmanse nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) a:

Apati ane akademik 2022-2023 a*, tout elèv nan klas jadendanfan ak nan klas premyè ane ki enskri nan yon lekòl piblik NYC (ki gen ladan yo lekòl pilbik endepandan [charter school] k ap patisipe yo) elijib pou yo patisipe, kèlkeswa revni oswa estati imigrasyon fanmi yo.

Pitit ou a pral otomatikman resevwa yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) gratis ki gen \$100 kòm alokasyon inisyal sou li sof si w chwazi pa patisipe. Depi w pa FÈ ANYEN pandan pwosesis pou Chwazi Pa Patrisipe a, pitit ou a ap otomatikman enskri nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a.

Aktive ak afiche Kont Bousdetid NYC pitit ou a sou entènèt

Yon fwa pitit ou a fin enskri nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a, ale sou nyckidsrise.org/activate epi klike sou "Aktive Kont" pou ale sou Siveyans Epay (Savings Tracker) la anliy, pou kreye pwofil ou, ak pou ranpli Sondaj Entwodiksyon an. Yon fwa ou fin fè sa, NYC Kids RISE ap ajoute yon rekonpans \$25 sou Kont Bousdetid NYC pitit ou a!

Louvri pwòp kont depay pou inivèsite ak karyè pa w

Lè ou louvri yon kont depay pou inivèsite ak karyè pou tèt ou, epi w konekte l ak Kont Bousdetid NYC pitit ou a, NYC Kids RISE pral ajoute yon lòt rekonpans \$25 sou Kont Bousdetid NYC pitit ou a. Jwenn plis enfòmasyon: nyckidsrise.org/options

Fè premye depo w la

Depoze omwen \$5 sou kont depay pou inivèsite ak karyè w genyen ki konekte a epi NYC Kids RISE ap ajoute yon lòt rekonpans \$25 sou Kont Bousdetid NYC pitit ou a.

Kontinye ekonomize epi resevwa Korespondans Depay la

Ou menm, fanmi w, kominote w ak NYC Kids RISE ka kontinye ekonomize ansanm sou yon peryòd tan. Depi nan premye jou pou klas premyè ane pitit ou a jiska dènye jou li nan klas senkyèm ane a, NYC Kids RISE pral mete menm valè lajan ou depoze sou kont depay pou inivèsite ak karyè ou genyen ki konekte a, dola pa dola, jiska yon maksimòm \$100. Kontinye fè ekonomi nan fason ki bon pou ou menm ak fanmi w. Manm kominote w la ka kontribye nan edikasyon pitit ou a tou atravè Bousdetid Kominotè.

Timoun ou an ap itilize lajan sa a pou edikasyon l pi devan!

Timoun ou an ka itilize lajan Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) la pou etid siperyè, ansanm ak nan inivèsite 2 ak 4 lane ki elijib yo, lekòl komès ak fòmasyon pwofesyonèl yo, ak pwogram aprantisaj ki elijib Ozetazini yo ak nan kèk lekòl aletranje.

Planifikatè Pwogram Ekonomize pou Inivèsite ou a



Aprè pitit ou a resevwa Kont Bousdetid NYC li a, itilize fèy travay sa a pou swiv etap fondamantal Pwogram nan. Ou kapab konplete etap sa yo lakay ou, nan telefòn, nan yon evènman nan lekòl la, oswa lè w pran yon randevou pou pale avèk yon reprezantan NYC Kids RISE.

1. Aktive ak afiche Kont Bousdetid NYC pitit ou a sou entènèt

W ap bezwen:

- Nimewo Idantifikasyon Etidyan nèf chif pitit ou a*
- Dat nesans pitit ou a
- Kòd Postal aktyèl pitit ou a
- Adrès imèl ou

*Ou ka jwenn nimewo sa a sou kanè lekòl pitit ou a, lè w konekte w sou Kont Lekòl NYC (NYC Schools Account) ou a nan mystudent.nyc, oswa lè w mande Kowòdonatè Paran ki nan lekòl ou a.

2. Louvri yon kont depay pou inivèsite ak karyè pou fanmi an nan avantaj pitit ou a

W ap bezwen:

- Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) Paran/ Responsab Legal oswa Nimewo Idantifikasyon Fiskal Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN)
- SSN oswa ITIN pitit ou a

3. Fè premye depo \$5 w la

W ap bezwen youn nan bagay ki annapre yo:

- Enfòmasyon sou nimewo acheminman oswa nimewo kont lan, OSWA
- Chèk pèsònèl, OSWA
- Manda postal, OSWA
- Toudepannde kont depay ou chwazi a, ou ka gen posiblite tou pou depoze lajan kach

4. Kontinye ekonomize epi resevwa Korespondans Depay la

Ti konsèy pou ede w ekonomize:

- Konplete Korespondans Depay \$100 a: nyckidsrise.org/savings-match
- Jwenn konsèy sou epay epi etabli yon objektif pou fè ekonomi: nyckidsrise.org/saving-resources
- Ankouraje zanmi ak fanmi bay patisipasyon yo sou kont pou inivèsite ak karyè pitit ou a: nyckidsrise.org/bb3-resources
- Repati yon pati nan ranbousman taks ou a sou kont epay pou inivèsite ak karyè pitit ou a
- Planifye yon randevou gratis avèk yon konseye finansye nan yon sant èd finansyè NYC (NYC Financial Empowerment Center) sou sit nyc.gov/talkmoney, oswa rele 311 epi di "Financial Counseling" (Konsèy finansye).

Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la pèmèt fanmi, lekòl ak kominote yo jwenn yon fason pou yo travay ansanm pou yo sove avni pitit yo. Se yon pwogram bousdetid ak ekonomi ki fèt pou rann inivèsite ak fòmasyon pwofesyonèl pi aksesib epi pi reyalizab pou tout elèv lekòl piblik Vil New York yo—kèlkeswa revni oswa estati imigrasyon fanmi yo. Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a se yon zouti ke fanmi yo, ansanm ak lekòl yo ak vwazen yo, ka itilize epi pèsonalize nan fason ki pi bon pou lavi yo epi ki pi byen sipòte rèv yo pou pitit yo.

NYC Kids RISE se yon òganizasyon ki pa gen kòm objektif pou fè pwofi k ap travay ak Vil New York la e ak Depatman Edikasyon (Department of Education) pou jere Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a.

833-543-7473 | info@nyckidsrise.org

NYC Kids RiseTM

Haitian Creole | Kreyòl ayisyen
October 2022